

Basa Lan Sastra Jawa Iku Sejatine Teknologi Pasinaon Jawa

Prof.Dr.Dr. Soetomo.WE, M.Pd

ABSTRAK

Akeh teknologi pasinaon ing pamulangan kang sumebar, ananging ing bab cak-cakane, teknologi pasinaon mau, mung mbabar saperangan ancasing pamulangan. Kayata: teknologi pasinaon mau mung nggarap bab olah fikir (cipta) utawa domain cognitive wae, ana uga kang mung nggarap bab olah rasa (domain affective), lan uga ana kang mung nggarap bab olah kridha (karsa) utawa domain conative (psichomotorik).

Mula ora gumun, yenta para jamhuring pawiyatan, panggarapane piwulang ora bisa manunggal (integrated) ing bab cipta, rasa, lan karsa, kang dadi peranganing jiwaning manungsa. Basa lan Sastra Jawa manut penemuku, yen kita gelem dijinglengi, jebul wujud teknologi pasinaon kang wutuh lan manunggal cipta, rasa, lan karsa kang binabar lan ginelar ana jroning pasinaon basa dan sastra Jawa mau.

Emane, akeh para panguwasa kang kawogan, para jamhuring pawiyatan, kang dleya, sabab ora ngerti, lan durung gadug basa lan sastra Jawa kathi sembada. Mumpung saiki wus kaparentah dening Depdiknas bab anane KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan), kang menehi kalodhangan lan kamardikan bab olah kurikulum ing SD, SMP, lan SLTA, tumrap jembar kridhaning pasinaon ing pamulangan SD, SMP, SLTA mau.

Mula ayo, mumpung ana kalodhangan kang bisa ginayuh, wong Jawa kudu wani jumangkah gagah, ngedhangkrang kaya pang, wiwit maneh nggegilut Basa lan Sastra Jawa nut jaman kelakone, mulangake maneh Basa lan Sastra Jawa ing SD, SMP, SLTA, mujudake wawasan panunggal, kang ginegem ing Basa lan Sastra Jawa minangka tehnologi pasinaon Jawa, kang bakal mbabar cipta, rasa, lan karsa kang manunggal, murih bali adeging ajining bangsa, kapracayaning bangsa, lan jatidiring bangsa, anggone dadi wong Jawa.

Tembung Baku :

Teknologi Pasinaon, manunggal

Lan jatidhirining bangsa.

BASA LAN SASTRA JAWA IKU SEJATINETEKNOLOGI PASINAON JAWA

Dening : Soetomo.WE

A. Purwaka

1. Wong ing Nuswantara (Indonesia),saiki wiwit krasa yen kelangan sawining bab kang wigati, yaiku bab kapribadening bangsa. Mula saiki ing tahun 2011 Departemen Pendidikan Nasional, ngumandhangake maneh perlune bocak-bocah, mligine para siswa SD, SMP, SLTA, malah nganti Pawiyatan Luhur, perlu winulang maneh bab ”karakter bangsa” (Depdiknas, 2011)
2. Kahanan kang kaya mangkono iku, sejatine wis suwe rinasa dening wong Jawa, mula nalika wulan Juli 1991, diadani anane Kongres Basa Jawa I ing Semarang, Jawa Tengah (KBJ I). Sabab apa kok dianakake KBJ, sabab wiwit tahun 1975, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, mbusak lan mbuang kurikulum pasinaon basa lan sastra Jawa. Mula wiwit 1985, sepuluh tahun sawise iku, wong Jawa padha rumangsa kelangan apa kang sinebut ”Pendidikan Budi Pekerti” Mangka budi pekerti iku isi piwulang luhur tumrap bocah-bocah, supaya ing tembe ngerti ing bab tata krama, unggah-ungguh, suba sita, uda nagara, trap sila, lan liya- liyane. (Soetomo,WE,1989)
3. Ananging bareng ing tahun-tahun 2004-2011, akeh bocak padha kroyokan, padha tawuran, amuk masa, akeh korupsi, akeh para manggalaning nagara kang ora patut tinuladhan, lagi krasa, yen ing tengahing bebrayan Nuswantara, luwih-luwih ing tengahing bebrayan Jawa, rumangsa yen bangsa kita (Indonesia), kaya kelangan kapracayan dhiri, ajining dhiri, lan jatidhirine (H.Mardiyanto, 2008)
Sabab apa nganti kaya mangkono, amarga wong Nuswantara, luwih - luwih wong Jawa, wis ora diwulang maneh kanthi bener, bab Basa lan Sastra Daerah (Jawa), kang minangka babone pasinaon, bab tata krama minangka pandadaring watak bangsa.
4. Nalika basa lan sastra Jawa binusak saka kurikulum ing pamulangan, para kang dadi panguwasa (Dep. P dan K), jarene duwe pangarep-arep bisa ndapuk paraga bangsa kang duwe wawasan Nusantara.
Ananging nyatane geseh dadine, sabab wawasan Nusantara iku sejatine kudu dumadi saka” Bhineka Tunggal Ika, Tan Hana Dharma Mangkrwa”Bareng basa lan sastra Jawa dibusak saka pamulangan, kang

dumadi jebul para tarunane bangsa, malah saya lali purwa daksina, malah gandrung budaya manca, nacat budaya bangsane dhewe (Soetomo, WE, 2005)

5. Mula ing kalodhangan kang mirunggan iki, saka panjingglengku, pranyata Basa lan Sastra Jawa iku, dudu wawasan "loro saudhon, telu seurupan", ananging wujud "teknologi pasinaon Jawa, kang bisa nuwuhake rasa panunggal, yaiku tetunggalane wewarah cipta(nalar), rasa, lan karsa. Muga-muga panemu kang nganggep Basa lan Sastra Jawa dianggep kurang wiguna, ora kebacut, ora kedarung-darung. Ayo mumpung ada kalodhangan mirunggan wujud KBJ V, kita jingglengi maneh apa bener panemuku, yen Basa lan sastra Jawa iku sejatine Teknologi Pasinaon Jawa, kang bisa mbabar panunggal awujud babaran cipta(nalar), rasa lan karsa.

B. Teknologi Pasinaon

1. Guru Basa lan Sastra Jawa ing jaman saiki, padha ngresula, sesambat, menawa para siswa pada nganggep, yenta basa lan sastra Jawa iku, "feodal, kuno lan kolot", ora cocok dicakake ing jaman kang wus global. Sabab apa, sabab sang guru kang mulang basa lan sastra Jawa mau, nganti tekan para siswane, uga padha ngresula. Guru kang dipasrahi mulang basa lan sastra Jawa, nalika mlebu sekolah klas I SD, ing tahun 1975, wis ora diwulang basa lan Sastra Jawa maneh, sabab guru-guru iku, akeh kang laire tahun 1968. Kejaba saka iku, ing tahun 1975, basa lan sastra Jawa (bahasa Daerah) wis dibuang lan binusak saka kurikulum. Mula bareng tahun 1991, kasile KBJ I, basa dan sastra Jawa kawulangake maneh, sang guru padha bingung, sabab nalika sekolah biyen, ora diwulang basa lan sastra Jawa, lan nalika mulang, uga akeh kang ora tumata kanthi becik bab piye mulang basa lan sastra Jawa. (Soetomo, WE, 2007)
2. Ora mung samono, malah ana panganggep, yen basa lan sastra Jawa iku "feodal, kuno, kolot, ora cocok nut jaman kelakone". Mula para siswa kerep nganggep remeh, apa maneh bareng ana UN (Ujian Negara), lan sang guru basa lan sastra Jawa, wektune di jaluk kanggo mulangake kang mung magepokaan kanggo UN bae. Sanadyan wis dipacak lan kaparentah ana "kurikulum lokal", tetep bae para guru basa lan sastra Jawa ora bisa polah apa-apa, bisane mung pasrah lan sumarah. Apa bener basa lan sastra Jawa "feodal",

wangsulane : "dudu", sabab tembung "feodal" tegese panguwasa kang marentah sawijining laladan.

Yen kita gelem njingglengi kanthi pramana, basa lan sastra Jawa iku, "ningrat" utawa ing-rat, kang tegese : "ing" = ana ; "rat" = bumi, dadi tegese "ningrat" iku = "ana ing bumi, dudu "priyayi". Ing bumi wis kinodrat, yen ana pranatan: eyang, bapa, biyung, anak, putu, canggah, wareng, udheg-udheg, gantung siwur. Dadi sacara kinodrat ada undha-usuk ing pranataning urip. Samono uga ing donya, ana gunung, ana ngare, ana sawah, ana tegalan, ana segara, ana langit, lan sapanunggalane. Ya amarga kinodrat, lan wong Jawa ngerti empan lan papan, mula basa kang rinakit uga nganggo empan lan papan. Empan tegese kita ngendika karo sapa, lan papan kita iki dadi apa, dadi trah ngaluhur, apa dadi trah asor, kabeh mau tinata kanthi thirik-thirik, bab kapriye anggane nganggo pranatane basa Jawa. Tuladha: Tembung "mangan", yen karo eyang, mestine "dhahar", yen kanggo putra mung cukup "maem", yen kanggo rewang, mung cukup "madhang". Mangkono sateruse. Yen basa Manca utawa basa Indonesia ora nganggo bab undha-usuke basa, iku dudu urusane wong Jawa

3. Apa ta tegese teknologi pasinaon? Yen manut A.J.Romiszowski (1981), yen teknologi pasinaon utawa "Educational technology is treated as a multi-faceted concepts for learning". Dadi teknologi pasinaon uga : is treated as a multi-faceted concepts for learning, utawi saestu konsep pasinaon ingkang maneka warni. Apa sabab basa lan sastra Jawa teka dianggep "Tehnologi pasinaon" utawa "Educational technology, amarga manut panjingglengku, basa dan sastra Jawa pancen wujud teknologi pasinaon Jawa. Technology uga mawa teges : " as creative application of knowledge or science", utawi : lakune kreativitas ing bab ilmu lan ngelmu. Mula ya amarga anane pangerten : Educational technology" punika saestu konsep pasinaon ingkang maneka warni, ingkang cak-cakanipun kreatif, mila kasinggihan, menawi kita purun njejeraken bab sinau basa lan sastra Jawi, ugi ngemot bab "konsep maneka warni pasinaon , ingkang cak-cakanipun kedah kreatif."

Dene cara cak-cakane, manut Ivor K.Davies(1987), ana ing teknologi pasinaon, carane ana loro,

1. nganggo cara piranti keras (hardware approach), kang lakune migunakane sarana saka tehnologi, kayata multi media, film, cd, lan liya-liyane, Mula ing tataran pasinaon, guru kerep bingung, amarga durung kulina nganggo sarana multi media kanggo gancaring pasinaone

siswa. Ing basa lan sastra Jawa, guru yen arep mulang bab gending, uga nganggo sarana gamelan, utawa piranti liyane kang wujudake media kanggo nggancarake pasinaone siswa. Kayato saron, gambang, kaset.

2. nganggo cara piranti lunak (software approach), kang laku cak-cakan pamulange kanti prinsip sinau kanggo dumadine solah - bawa, kang dumadi amarganampa piwulange. Ing pamulangan basa lan sastra, piranti lunak (software approach) uga ana, yen ta kita nyinau kepriye bab tembang, bab serat-serat kasusastra, kang mahanani kita ngerti bab laku bener lan luput.

Mula carane nganggo teknologi pasinaon, kang tegese : is theory and practice of design, development, utilization, management and evaluation of processes and resources for learning (Barbara B.Seels lan Rita C.Richey, 1994), kang mawa teges yen teknologi pasinaon iku wujud teori lan praktek bab ngrancang, ngembangakake , lan migunakake, sarta mratata lan evaluasi, carane laku lan mranata sumbering pasinaon. Dene rancangane pasinaon iku wujud : A systematic approach to design production, evaluation, and utilization of complete system of intruotional (Gustafson, 1981), kang tegese wujud laku kang sistematik kanggo ngrancang materi, evaluasi lan kanggone kang komplit ing sistem pasinaon.Dene Richey, 1986, kandha yen teknologi pasinaon iku : The science of creating detailed specification for development,evaluation,and maintenance of situational which facilitate the learning of both large and small unit subject matter, kang mawa teges ilmu kang ngrancang kanthi khusus kang kreatif lan detail kanggo mbabar,evaluasi,lan sarana (alat) yang cocok,minangga sabyantu bab pasinaon sawijining pelajaran apa gedhe apa cilik. Ing pasinaon basa lan sastra Jawa uga ngemot bab-bab kang sinebut para jamhuring pawiyatan bangsa manca.

C. Sumangga Kita Jingglengi

1. Basa lan Sastra Jawi, menawa kita taliti jebul ngemot bab Kawruh basa lan wacana basa, Paramasastra, Kasusastran.

- a. Kawruh basa lan wacana basa.

Ing bab kawruh basa, guru basa lan sastra Jawa kudu ngerti bab:

1) Warna basa, kayata :

- Basa Ngoko : Ngoko lugu Ngoko andhap :
- Antya basa –ngoko kacampur krama inggil
Tuladha : Tindak nyang ngendi
- Basa Antya : – ngoko-krama-krama inggil

- Tuladha : Bapak arep tindak ngendi, kok ngagem jas.
- Basa Madya : – ater lan panambang tembung ngoko.
Tuladha : Samang nika ajeng teng pundi, napa ajeng tuku Beras.
 - Madyantara, - tembung madya dados ater-aater, ananging panambang tembung ngoko.
Tuladha : Sampeyan niku napa seweg sakit, le sampeyan mlaku kok radi pincang.
 - Madya krama, : - ater-ater tembung madya, panambang ngoko, kala-kala ugi wonten tembung krama lan krama inggil.
Tuladha: Wanci ngaten kok seg kondur ta, mangke rak gerah, ampun ta gek enggal dhahar.
 - Basa krama, basa ingkang cacahipun basa krama kathah
 - Muda krama : - ater-ater lan panambang basa krama
Tuladha : Lo, panjenengan badhe tindak pundi?
 - Kramantara, : - ater-ater lan panambang basa krama, nanging ing ukara ana basa krama lugu
Tuladha: Sampeyan punika badhe dhateng pundi, lampahipun ing semu kok radi kesesa
 - Wredha krama, : - ukara tembungipun krama lugu, ater-ater lan panambang tembung ngoko
Tuladha: Kados pundi kabaripun jeng Atiek, rak sami wilujeng ta?
 - Krama Inggil, : - sedaya ukara tembung krama utawi krama inggil
Tuladha: Bapak, menawi kepareng dalem, badhe nyuwun ngampil kagungan panjenenganipun dhuwung.
 - Basa Kadhaton, : - basa ingkang dipun agem para santana ing kraton.
Tuladha:
A. Punapa kalawingi jengandika darbe tamu?
B. Enggeh, punapa jengandika dereng mireng?
 - Basa Kadewatan, : - basanipun para dewa .
Tuladha :
Bathara Guru : Hong wilaheng manasidham sekaring Bawana langgeng, kakang Kaneka Putra. Amargi mucalipun nut jaman kelakone, mila ingkang kawucal cekap basa ngoko lan krama kemawon.

Salajengipun menawi kita sinau warna basa, kita inggih kedah sinau warni-warni, kadosta punapa tegesipun : kabudayan, kagunan, pupuh, pada, gatra, guru wilangan, guru lagu, pedhotan, tembang (dolanan, macapat, tengahan, lan gedhe), dayasastra, tembung saroja, joga swara, tembung garba, rura

basa, kerata basa, tembung entar, paribasan, bebasan, Saloka, Senapa, cangkriman, wangsalan, purwakathi, parikan, geguritan, ukara sesumbar, gugon tuhon, japamantra, suluk, lan jarwa dhosok, sang guru basa lan sastra Jawa uga kudu baut.

Saka pirang-pirang kawruh (seserepan) namung bedhe saged kasinau, menawi kita kagungan tata nalar (domain kognitif) ingkang sae, tangeh lamun murid bisa nampa lan ngapalake piwulang mau, yen ora kasinungan domain kognitif. Sarjana pendidikan Bloom (1956), paring sesulang menawa domain kognitif, wonten 6 tataran, yaiku :

Sintesis

Analisis

Pemahaman

Pengetahuan

Penilaian

Tuladha: Wonten ilmu (pengetahuan) bab kewan kang bisa urip aneng banyu, kewan mau jenengan apa. Banjur jinglengi lan dingerteni, yen tembung ”: manawa ”teka” lan, ”ndhodhok”, banjur sintesa (kagarba) , iku jenenge ”kodhok”, lan penilaian utawa kang dadi pamawas, menawa kewan kuwi jenenge kodhok amarga yen teka ndodok, tembung ”jarwa dhosok”. Lan tuladha senesipun, kadosto ”ndelog= kendel alok,” lanang – ala ning wenang, lan sanes-anesipun.

2) Salajengipun menawi guru arep mulang Paramasastra, ugi kebag bab olah pikir utawi kognitif, sabab kudu bisa ngerti, apa ater-ater, ingkang maneka warni aturanipun, uga bab seselan lan panambang, ingkang kathah pranatane, ingkang kedah kasinau siswa. Dadi pranatan domain kognitif, taksih wiguna nyinau bab paramasastra.

3) Bab Kasusastran

Inkang winastan kasusastran inggih punika basa ingkang endah. Asring ugi kasusastran punika winastan basa rinengga. Kenging punapa winastan basa rinengga, sabab kasusastran Jawi, ingkang kathah wujudipun tembang, punapa tembang Macapat, tembang Tengahan , saha tembang gedhe. Tuladha buku kasusastran yasan R.Ng.Sindusastra, sekar Sinom, ingkang karakit ing Serat Lokapala:

(a)

Kejawi saking punika
Ngungun kawula puniki
Dene ta boten kadosta
Putra tuwin nini putri
Sinten ta kang marahi
Panedhanira puniku
Sastrajendra yuningrat
Minangka wadining bumi
Pan sinengker dening Hyang Jagad Pratingkah

(b)

Tan kenging sira ngucapnya
Siniku ing Bathara di
Sanadyan para pandhita
Kang samya mandhireng wukir
Awis ingkang ngawruhi
Yen dede pandhita punjul
Kula matur prasaja
Mring paduka yayi aji
Kang tinedha ing nini putri punika

Tuladha malih, serat Rama, yasan R.Ng.Yasadipura I, sekar Pangkur

(a)

Mesat bupati caraka
Tan kawarneng marga lampahe prapti
Nagri Ngayogya puresuk
Katur surating nata
Ing Mantili marang Dasarata prabu
Patembayan tur uninga
Yen ingkang atmaja keni

(b)

Umanjing jro sayembara
Angenani mangkya putranireki
Pasti jatukramanipun
Ing putraningong Sinta
Kakang prabu enggal prapta den gupuh
Nagri Mathilidireja
Ing panggihhe nini putri.

Tuladha malih, serat Dewa Ruci, yasan Sunan Bonang, sekar Sarkara

(a)

Lah ta mara Wrekodara anglis
Lumebu guwa garbaniwang
Kagyat miyarsa wuwuse
Wrekodara gumuyu
Sarwi ngguguk turira aris
Dene paduka Bajang
Kawula geng luhur
Inggih pangawakprabata
Saking pundi marganing kawula manjing
Jenthik mangsa sedhenga

(b)

Angandika malih Dewa Ruci
Gedhe endi sira lawan jagad
Kabeh iki saisine
Kalawan gunungipun
Samodra alase sami
Tan sesak lumebuha
Guwa garbaningsun
Wrekodara duk miyarsa
Estu ajrih kumel sandika tureki
Mengkleng sang Ruci Dewa

2. Inggang katah guru basa lan sastra Jawi menawi mucal kasusastra, kawiwitan negesaken bab tembung, kadosta : tembung anglis = enggel, cepet ; guwa garba = badan ; Kagyat = kaget; ngguguk = gumujeng, lan sapanunggilanipun.

Ing salajengipun guru kedah "nembangaken" kados pundi : Sekar Sinom, sekar Pangkur, sekar Dandanggula (Sarkara), lan sanes-sanesipun. Ing mriki cetha, tata gelar bab wawasan "rasa" utawi "afektif", kedah jinangka, supaya siswa bisa ngraosaken endahing sekar, ing bab swara, ing bab lagu, ing bab cengkok, ing bab laras. Dadi sang guru basa lan sastra Jawa, menawa ora bisa nembang, saged kawastanan guru basa lan sastra Jawi ingkang boten / kirang mumpuni, malah kapara ora bisa dadi guru basa lan sastra Jawi.

3. Saking Sekar utawi tembang, guru kedah saged bab laras, tegesipun laras Slendra apa Pelok. Saben laras ana patet. Tuladha : Laras Slendra wonten patet 6,9 lan manyura, wondene Pelok wonten patet 5, 6, lan barang. Menawi sang guru basa lan sastra Jawi ngantos boten ngertos bab laras, menawi nembang mesti ”blero”, amarga ageng alite laras (dong dingipun) boten dipun kuwaosi. Mangka mucal nembang utawi sekar, punika wujud tataran raos (afektif) ingkang nyata. Punapa malih menawi kedah nyekar Tengahan, punapa sekar Ageng. Sang Guru kedah ngertos pundi sekar Macapat, pundi sekar Tengahan, pundi sekar Ageng. Supados kengetan, ingkang winastan sekar Macapat wonten 10, inggihpunika: Asmaradana, Kinanthi, Durma, Sinom, Pangkur, Dhandhanggula, Maskumambang, Mijil, Megatruh, lan Gambuh. Sekar Tengahan wonten 11, inggihpunika: Wirangrong, Rangsangtuban, Kenyakendhiri, Kuswaraga, Kuswa-wirangrong, Tebulkasol, Lonhang, Puspanjali, Palugon, Jurudemung, Maesalangit, lan Balabak. Sekar Ageng wonten 44, kadosta : Rara Bentrok, laku 16, pedotan $8 \times 2 = 32 \times 2 = 64$; Kusumastuti, laku 13, pedotan $7 \times 2 = 26 \times 2 = 52$, lan sanes-sanesipun.

4. Ing kasusastran, ora mung ngrembag bab wawasan afektif, ananging uga wawasan spiritual, tulada : Serat Dewa Ruci, yasan Sunan Bonang, Serat Wiwaha, yasan M.Ng.Kramapawira, serat Lokapala, yasan R.Ng. Sindusastra, saha taksih kathah malih Kados pangenthanipun Krathwohl (muridipun Bloom), ingkang hanjereng penggalhipun Bloom (1956), maringi acer-acer, menawi domain afektif punika karacik makaten:

Bermuatan Nilai
Perhitungan / Penilaian
Analisis Penganggapan

Tegesipun punapa tembung-tembung wonten bobotipun: Kadosta: Gedhe endi sira klawan jagad, dsb

Ing bab wawasan konatif utawi psikomotor, utawi ing bab olah karsa, sang guru basa lan Sastra Jawa, saged nerangaken ing bab piwucal kasusastran, sabab ing babagan kasusastran, kejawi guru kedah ngertos sekar utawi tembang, ugi kedah mangertos bab laras. Mangka menawi kita anggepok bab laras, kita bakal nggepok bab gendhing, menawa nggepok bab gedhing, kita tartampu nggepok bab olah trampil lan trengginas ing bab tetabuhan, malah bisa tumuju ing bab olah beksa. Dados ing mriki pepakipun teknologi pasinaon Jawi, ingkang ginagam ing basa lan kasusastran Jawi. Ing tataran

konatif ,Harrow (1958) ugi kalebet timipun Bloom, nyethakaken panggarapipun domain konatif (psikomotor) ingkang kasusun (herarkhi) makaten:

Komunikasi Tak Berbicara
Kegiatan Fisik
Gerakan Tanggap
Gerakan Dasar
Gerakan Refleks

Mucal kridha, Tertampu boten kathah nerangken, ananging kedah kathah bab praktek Ing mriki, kita saged njejeraken pangertosan teknologi pasinaon wawasan sarjana manca, kadosta A.J.Romiszowski, Ivor K.Davies, Barbara Sels, Rechey, miwah Gustafson, cetha bilih basa lan sastra Jawi ugi ngemot bab-bab ingkang sistematis, minangka ilmu ingkang kreatif, spesifik, kados pundi karancang, saha migunakaken kangge pasianaonipun para siswa.

D. Dudutan

Dadi saka panjnglengku wiwit cetha, menawi sang guru mulang basa lan sastra Jawa, kudu gadug bab olah tataran domain kognitif, domain afektif, lan domain konatif, wis trep karo gagasane Dr.Bloom. Ananging ing tata gelar, basa lan sastra Jawa, jebul ora mung mulang bab tataran manunggal cipta, rasa lan karsa, ananging uga mulang bab tataran spiritual (nurani), kang pranyata ora kagepok ing pikirane tuan Bloom. Dadi cetha dudutanku menawi basa lan sastra Jawa yen bisa ginelar kanthi premana, becik, lan gadug, iku jebul wujud Teknologi Pasinaon Jawa kang komplit, kreatif, detail, sistematis, kanggo mulang siswa, sabab bisa mujudake tataran panunggal cipta, rasa lan karsa, malah uga spiritual. Ing kene kaluwihan kita, mung emane kita sajake rada ndleya, amarga kiblata pasinaon kita mung menyang sarjana Kulonan, ora gelem ndeleng lan nyinau tinggalane mbah-mbah kita, kang jebul nggone asung piwulang ora ginelar ing tata lahir, ananging uga ginegem piwulang ing tata batin. Ing kene pepake teknologi pasinaon Jawa. Muga-muga dadiya panggugah kang wigati.

Nuwun, nuwun, nuwun.
Semarang, 15 September 2011

Kapustakan

- Barbara B. Sels and Rita C, Richey, 1994, Instructional Technology, Washington : DC, AECT
- Davies Ivor K, 1991, The Manajement of learning, London : McGraw Hill Book
- Bloom, Benyamin, S,Ed, (1956), Taxonomy of Education Objectives, Hand Book, New York : Longman Inc
- Banathy, Bella, (1968), Instructional System, Belmont Ca : Peuron Publisher
- Gagne, R.M. and Briggs, Leslie J, (1974), Principle of Instructional Design, New York : Rinehart
- Romiszowski, A.J , (1981), Design Instructional, London: Kogan Page Ltd
- Tuti Sukanto, (1993), Perancangan dan Pengembangan Sistem Instruksional, Jakarta : Inter Media
- Soetomo .WE, (1999) Bahasa dan Kebudayaan Jawa, Semarang : YSBJ Kanthil
- _____, (2001), Budi Pekerti, Semarang : YSBJ Kanthil
- _____, (2010), Filsafat Jawa, Semarang, YSBJ Kanthil
- _____, (2008), Menggali Mutiara Dalam Kebudayaan Jawa, (Hasil Konfrensi Internasional Kebudayaan Jawa), kerjasama Menko Kesra, Dep. Kebudayaan dan Pariwisata, serta Sekretaris Negera RI), Semarang : YSBJ Kanthil
- Soetomo. WE, (2009), Menelusuri Kebudayaan Jawa, (hasil Konfrensi Nasional Kebudayaan Jawa) kerjasama Menkokesra dan YSBJ Kanthil, Semarang : Ysbj Kanthil
- Soetomo, WE, (2011), Perancangan dan Pengembangan Sistem Pembelajaran, Semarang: YSBJ Kanthil
- Soetomo,WE, (1989), Aja nganti kelangan lacak, (bahan Seminar Regional bahasa Jawa, kerjasama Kanwil Dikbud dan Pemda Jawa Tengah, Semarang : Depdikbud
- Soetomo, WE, (2007) Wigatine mulang basa lan sastra Jawa kang bener, (makalah Seminar Regional Pengajaran Bahasa Jawa, kerjasama Kanwil Depdikbud, Pemda, YSBJ Kanthil), Magelang : Depdikbud

Pengirim : Prof.Dr.Dr. Soetomo.WE, M.Pd
Jabatan : Ketua YSBJ Kanthil Jawa Tengah

Alamat rumah : Jl.Gunung Talang 23 Semarang
Alamat kantor : Program Pascasarjana Stiepari
Jl. Lamongan Raya No. 11, Semarang
Email : (*****
Telp Rumah : (*****
HP : (*****
Fax : (*****